



Biwo Edikasyon Distri Eskolè Uniondale la Nonmen Doktè Monique Darrisaw-Akil kòm Sipèentandan Lekòl yo

UNIONDALE, NY (JEN 2021) – Biwo edikasyon distri eskolè Uniondale la nonmen doktè Monique Darrisaw-Akil kòm sipèentandan lekòl yo apati de 10 jiyè 2021. Anons enteresan sa a swiv yon rechèch konplè ki te dire pandan senk mwa pou ranplase Dr. William Lloyd, ki te ofisyèlman remèt demisyon li ane sa a.

Rechèch la te dirije pa kabinè rekritman egzekitif ki rele McPherson & Jacobson, ki te mete yon pwosesis trè konplè pou Biwo Edikasyon Distri Eskolè Uniondale la yo te swiv nan fè seleksyon kandida yo. Anplis, pwosesis pou chwazi kandida inisyal yo pa McPherson & Jacobson, Biwo Edikasyon a te resevwa opinyon enpòtan nan men moun ki gen enterè nan kominote a, fakilte yo, ak elèv yo atravè sondaj ak gwoup konsantre ki fèt ak moun kle ki gen enterè nan kominote a.

Nan anons li fè a, Biwo Edikasyon an tou rekonèt sèvis eksepsyonèl Madam Rhonda Taylor te bay Distri a nan wòl doub li te jwe a kòm sipèentandan lekòl yo ak asistan sipèentandan kourikoulòm ak enstriksyon depi jen 2020. "Nou trè rekonesan pou jesyon Madam Taylor pandan peryòd trè difisil sa a, epi pou devouman li ak angajman li bay elèv yo ak fanmi yo nan distri lekòl Uniondale la, ki "te deklare Madam Charmise Desiré, Prezidan Biwo Edikasyon Uniondale la.

Doktè Akil te grandi nan seksyon Bedford Stuyvesant nan Brooklyn kote li te fè eksperyans inegalite yo nan sistèm edikatif Vil New York la ki, baze sou kòd postal yo, te refize anpil timoun yon kourikoulòm solid ki rich nan boza, mizik ak eksperyans kiltirèl. Eksperyans sa yo byen bonè mennen Dr. Akil nan angajman ki asire ke tout elèv yo, kèlkeswa ras, etnisite oswa ran sosyo-ekonomik yo, gen aksè a yon defi, edikasyon de vkalite ki siperyè epitou ki ki prepare yo pou kolèj ak karyè.

Madam Desiré te di, "Biwo edikasyon an te travay an kolaborasyon avèk McPherson & Jacobson ak manm kominote a pou idantifye kalite ak karakteristik ki reprezante angajman distri nou an pou siksè elèv yo." Nou santi nou ere pou nou jwenn yon moun ki pote yon richès diferan dapre eksperyans li nan pozisyon an epi li gen yon angajman solid nan ekite ak opòtinite pou tout elèv yo. "



Dr Akil te gen yon karyè distenge nan plis de 25 ane nan domèn edikasyon an. Anvan Uniondale, Doktè Akil te asistan sipèntandan edikasyon segondè, pwogram ak politik pou Distri eskolè Brentwood la. Anba lidèchip Doktè Akil la, Brentwood te vin premye kominote nan Long Island ki te klasifye kòm kominote “My Brother’s Keeper” (Mwen Responsab Frè Mwen) nan Eta New York, yon pati nan inisyativ Fondasyon prezidan Obama a pou bay konsèy, sipò pou kolèj ak karyè ak devlopman lidèchip pou jèn gason de koulè. Li responsab tou pou mete an aplikasyon pwogram jistis restoratif nan tout lekòl ki anba sipèvizyon li.

Anplis de sa, Doktè Akil te nan tèt ogmantasyon gradyasyon elèv ki nan katriyèm ak senkyèm ane nan Brentwood epitou li te ogmante kantite enskripsyon elèv ki enskri nan enskripsyon doub pa 35 pousan sou yon peryòd de senk ane. Li te dirije efò pou Brentwood High School vin rekonèt pa Komisyon Konsèy Kolèj la kòm yon lekòl ki nan AP Honor Roll pou ogmante kantite elèv de koulè ki enskri nan kou plasman avanse yo. Yo rekonèt Dr Akil pou devlopman pwogram inovatè ki baze sou bezwen elèv yo e li te etabli yon repitasyon pou travay an kolaborasyon ak anplwaye, fanmi yo, ak ajans òganizasyon kominotè yo.

Doktè Akil te kòmanse karyè li kòm yon pwofesè syans sosyal nan Boys and Girls High School e pita li te vin direktè fondatè Akademi Planifikasyon Ibèn Lekòl Segondè yo kote yo te kredite li pou pwogrè ekstraòdinè li fè ak elèv k ap aprann lang angle ak ki gen laj, elèv ki pa kredite yo.

Lòt wòl lidèchip Dr Akil te kenbe se direktè egzekitif nan Biwo Pwogram Lekòl yo ak patenarya ak chèf ofisye akademik pou Cluster IV. Doktè Akil te sèvi kòm yon konferansye adjwen nan Medgar Evers College, Long Island University, ak Stony Brook University kote li anseye lidèchip edikasyonèl pou nouvo administratè yo.

Doktè Akil gen yon Doktora nan Edikasyon (Ed.D.) nan Lidèchip Edikasyon, Jesyon ak Règleman de Inivèsite Seton Hall e li te genyen B.A. ak MA nan Brooklyn College, CUNY.

Doktè Akil di: "Mwen santi ,wen onore dèske yo te chwazi m pou sèvi kòm sipèntandan kap vini nan distri eskolè Uniondale la." "Mwen espere kontinye bati sou gwo fondasyon ak eritaj ki te etabli nan Distri sa a e mwen espere patisipe avèk kominote a pou jwenn pi gwo siksè akademik pou tout elèv yo. Uniondale gen repitasyon kòm yon kominote angaje ki pwofondman invest nan siksè elèv yo, e mwen kontan vin yon pati nan li. "



Pou plis enfòmasyon sou distri eskolè Uniondale la, tanpri vizite sit entènèt distri a nan <http://district.uniondaleschools.org>. Pou nou rete okouran de sa kap pase nan Distri a, swiv nou sou Facebook nan www.facebook.com/uniondalek12.

###

FOTO 1 (Dr. Akil): Biwo Edikasyon Distri Eskolè Uniondale la kontan anonse apwentman Doktè Akil kòm nouvo Sipèntandan Lekòl yo, apati de 10 jiyè 2021.

